

Chè fanmi,

Nou swete ou te pase yon bèl fèt epi ou te kapab pase tan avèk moun ou renmen. Pandan n ap avanse nan nouvel ane a, pi gwo priyorite nou se kontinye asire sante ak sekirite elèv, fanmi ak estaf nou yo. Lekòl ap ouvè, jan nou prevwa a, apati 3 janvye pou tout elèv. N ap pran lòt mezi sante ak sekirite pou asire elèv ak estaf yo ansekirite epi pou lekòl nou yo kontinye rete ouvri.

W ap remake se Chanselye lekòl Chancellor Meisha Porter k ap kite ansanm ak nouvo Chanselye lekòl David C. Banks ki voye lèt sa a Lidèchip Depatman edikasyon (Department of Education, DOE) ap chanje men gen yon bagay ki rete menm: angajman solid nou pou bay elèv nou yo yon gwo kalite edikasyon nan sekirite ki mennen nan siksè pou yon tan ki long.

Nou t fè mizajou sa yo nan kolaborasyon avèk Vil nou an ak kòlèg sante piblik eta a epi yo baze sou gid federal ak syantifik.

Tès COVID-19 avan nou retounen 3 janvye

- Pou kenbe kominote lekòl nou yo ansekirite lè tout moun retounen nan bilding lekòl yo, nou ankouraje anpil tout elèv pou fè tès COVID-19, ak yon tès PCR, yon tès rapid nan laboratwa oswa yon tès ki fèt lakay, avan nou retounen lekòl 3 janvye, kèlkeswa sityasyon vaksen w. Pou jwenn yon lis lokal pou fè tès, paegzanp lokal ki gen tès rapid lakay, rele nan 212- COVID19, ale sou <http://nyc.gov/covidtest>, oswa voye yon tèks ak mo "COVID TEST" nan 855-48, oswa rele 311 pou jwenn yon lokal tès bò lakay ou. Depatman sante ak liyèn mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) kontinye ouvri nouvo lokal pou tès, tanpri retounen gade souvan pou konnen mizajou yo.
- Anplis, plizyè famasi ak klinik doktè ka fè tès COVID-19. Tanpri kontakte klinik pedyat ou a oswa famasi ki bò lakay ou a pou wè si w ka pran randevou pou fè yon tès.

Kit tès pou fè lakay

- Apati 3 janvye, lekòl yo pral distribiye kit tès rapid COVID-19 pou fè lakay ba nenpòtelèv **oswa estaf ki gen sentom ki sanble ak sentom COVID oswa ki te nan yon salklas kote yo te idantifye yon ka pozitif.**
- Elèv ki gen yon kit tès pou lakay ap bezwen fè tès la de fwa pandan yon peryòd senk jou (chak kit gen de tès ladan).
 - Elèv ki ta ankontak avèk COVID nan lekòl la ta dwe fè yon tès jou swa sa a ak yon lòt sou 5 jou.
 - Si yon elèv kòmanse gen sentom COVID avan 5 jou, ou ta dwe itilize kit tès la imedyatman.
- Nenpòt moun ki teste pozitif nan yon tès ki fèt lakay ta dwe imedyatman rapòte sa nan lekòl la epi kòmanse izole tèt li. Elèv ki teste pozitif dwe izole tèt yo pou 10 jou epi yo ka retounen lekòl sou 11yèm jou a. Yo pa egzije tès negatif pou retounen lekòl.
- Sonje, tout elèv, estaf ak vizitè dwe pase evalyatè sante (health screener) DOE a pou yo ka rantre nan bilding lekòl yo. Y ap ajoute lòt kesyon nan health screener yo pou elèv ak estaf sa yo ki resevwa kit tès rapid pou lakay la pou pataje rezilta yo ki negatif. Yo pa egzije okenn lòt tès negatif pou elèv sa yo rantre nan bilding lekòl.

Nouvo règleman pou karantèn

Objektif nou se asire elèv yo rete nan lekòl ansekirite toutotan posib epi nou revize règleman nou yo pou asire nou satisfè objektif sa a. Sa vle di si gen yon ka pozitif nan yon salklas:

- Elèv ki te ankontak dirèk avèk elèv sa yo p ap bezwen ale nan karantèn ankò epi y ap kontinye ale lekòl si yo pa gen sentom ak si yo pa gen yon rezilta tès COVID ki pozitif.
- Tout elèv ak adilt ki nan salklas sa a pral resevwa yon kit tès pou yo fè tès lakay yo. Kit tès la ap gen de tès ladan.
- Elèv ki gen yon kit tès pou lakay ap bezwen fè tès la de fwa pandan yon peryòd senk jou.

Tès siveyans ki ogmante nan lekòl

Pou asire davantaj sekirite elèv, fanmi ak estaf nou yo, pwogram tès siveyans nan lekòl la ap ogmante pou double kantite moun ki teste nan chak lekòl, tankou elèv ki vaksinen ak elèv ki pa vaksinen, nan klas 1ye ane ak klas ki pi wo yo. Pwogram siveyans oaza nan lekòl la ap kontinye bay ekspè sante piblik yo enfòmasyon presi sou pousantaj OVID-19 nan lekòl yo. Nou ankouraje tout fanmi, kit timoun yo vaksinen, kit yo pa vaksinen, pou dakò ak tès nan lekòl la atravè [kont lekòl Vil Nouyòk \(NYC Schools Account\)](https://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/covid-information/covid-19-testing-for-students) yo a oswa voye fòm sou papye ki siyen nan lekòl la. Ou ka jwenn lòt enfòmasyon konsènan tès pou elèv nan sitwèb DOE nan: <https://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/covid-information/covid-19-testing-for-students>

Tès enpòtan anpil pou lekòl yo rete ouvri ak pou kominote yo rete ansekirite. Mèsi pou kolaborasyon w lè w dakò ak pwogram tès nan lekòl la ak lè w patisipe ladan!

Nou konnen pa gen anyen ki pi enpòtan pou ou pase kenbe pitit ou nan lekòl, aprann nan anviwònman ki gen sekirite ak agreyab. Cahnjman noy anonse yo jodi a gen objektif pou kenbe elèv nan salklas nou yo avèk mwen kantite deranjman posib, pandan n ap mete sekirite yodevan ak nan mitan.

N ap kontinye fè chanjman pandan sitiyasyon an ap chanje epi tande kòmantè w sou règleman ak pwosedi ki revize sa yo. Pandan tan sa a, tanpri pa ezite pataje kòmantè w nan FACE@schools.nyc.gov. Mèsi davans poutèt ou asoye avèk nou pou kenbe timoun nou yo ansekirite nan lekòl.

Nan kolaborasyon,



Meisha Porter
Chanselye lekòl Vil Nouyòk



David C. Banks
Nouvo Chanselye lekòl Vil Nouyòk